



Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PRAL EGZIJE MOUN KI AP VWAYAJE NEW YORK SOTI NAN 10 ETA ANPLIS METE YO AN KARANTÈN PANDAN 14 JOU

Alaska, Delaware, Indiana, Maryland, Missouri, Montana, North Dakota, Nebraska, Virginia ak Washington satisfè kritè pou kalifye pou avètisman vwayaj la

Otorite Alkòl Eta a te sispann lisans kat ba ak restoran nan rejyon sid la

1,29 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif

2 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè - pi ba depi premye lanmò pandemi an, okenn lanmò nan Vil New York

Konfime 855 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 408,181; gen nouvo ka nan 46 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke 10 Eta anplis satisfè kritè pou kalifye pou avètisman vwayaj ki egzije moun ki te vwayaje vini New York soti nan Eta sa yo, ki genyen yo tout pwopagasyon kominotè siyifikatif, pou mete yo an karantèn pandan 14 jou. Eta yo fèk ajoute yo se Alaska, Delaware, Indiana, Maryland, Missouri, Montana, North Dakota, Nebraska, Virginia ak Washington. Karantèn lan aplike pou nenpòt ki moun ki rive soti nan yon eta ki gen yon pousantaj tès pozitif pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan sou yon mwayèn mobil 7 jou oswa yon eta ki gen yon pousantaj 10 pousan oswa pi wo pozitivite sou yon mwayèn mobil 7 jou.

"Pandan to enfeksyon an ap ogmante nan 41 lòt Eta, chif nou yo kontinye bese regilyèman, gras ak travay di Nouyòkè yo ak ouvèti pwogresif nou an ki baze sou done a. Yè, nou te genyen to lanmò ki pi ba depi pandemi an te kòmanse - epi pa te gen okenn lanmò nan Vil New York. Pandan ke chif jodi a yo ankourajan, nou dwe rete vijilan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou ap ajoute 10 Eta nan avètisman vwayaj la - moun ki soti nan Alaska, Indiana, Delaware, Maryland, Missouri, Montana, North Dakota, Nebraska, Virginia ak Washington dwe rete nan karantèn pandan 14 jou. Restoran ak ba yo ki ankouraje jèn moun yo rasanble yo menase pou fè nou retounen nan lanfè nou te eksperimente nan twa mwa pase yo - yè, Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority) a te sispann lisans alkòl pou kat ba ak restoran. Sa se yon sitiyasyon danjere, epi move operatè yo pral rann li pi mal pou tèt yo ak pou tout moun, kidonk se pou nou entèlijan, pote yon mask, rete New York Solid (New York Tough)".

Lis konplè, mizajou sou avètisman vwayaj la anba la a:

- Alaska
- Alabama
- Arkansas
- Arizona
- California
- Delaware
- Florida
- Georgia
- Iowa
- Idaho
- Indiana
- Kansas
- Louisiana
- Maryland
- Missouri
- Mississippi
- Montana
- North Carolina
- North Dakota
- Nebraska
- New Mexico
- Nevada
- Ohio
- Oklahoma
- South Carolina
- Tennessee
- Texas
- Utah
- Virginia
- Washington
- Wisconsin

Yo retire Minnesota nan lis orijinal la.

Otorize Alkòl Eta a te sispann lisans alkòl pou kat ba ak restoran - twa nan Queens ak youn nan Konte Suffolk. Lis etablisman ke lisans yo a te sispann lan anba la a:

- Brik Bar nan Astoria
- MIA nan Astoria
- Maspeth Pizza nan Maspeth
- Secrets Gentlemen's Club nan Deer Park nan Long Island

Depi kòmansman COVID la, SLA a te pran 410 chèf akizasyon kont etablisman yo dèske yo te vyole Dekrè Egzekitif yo epi li te sispann 27 lisans pou vyolasyon yo.

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 724 (+8)**
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital - 60 (+2)**
- **Lopital Konte yo - 32**
- **Kantite ICU - 163 (+5)**
- **Kantite ICU nan entibasyon - 91 (-2)**
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 72,302 (+73)**
- **Kantite Lanmò - 2**
- **Kantite Lanmò Total - 25,058**

Sou 66,169 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 855, oswa 1,29 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

REJYON	SAMDI	DIMANCH	LENDI
Capital Region	0.8%	0.40%	1.40%
Central New York	1.1%	0.60%	1.00%
Finger Lakes	0.8%	0.70%	0.90%
Long Island	0.9%	1.00%	1.40%
Mid-Hudson	0.6%	0.90%	1.10%
Mohawk Valley	1.5%	0.30%	1.60%
New York City	1.3%	1.30%	1.40%
North Country	0.4%	0.60%	0.60%
Southern Tier	1.2%	1.90%	1.30%
Western New York	1.0%	0.70%	1.60%

Gouvènè a te konfime tou 855 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 408,181 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 408,181 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,351	29
Allegany	72	1
Broome	917	15
Cattaraugus	147	2
Cayuga	131	0
Chautauqua	206	12
Chemung	155	0

Chenango	188	4
Clinton	114	1
Columbia	495	3
Cortland	73	4
Delaware	93	0
Dutchess	4,380	4
Erie	8,106	60
Essex	51	0
Franklin	42	2
Fulton	267	0
Genesee	258	0
Greene	272	0
Hamilton	6	0
Herkimer	208	2
Jefferson	112	6
Lewis	33	0
Livingston	160	1
Madison	387	3
Monroe	4,452	30
Montgomery	144	1
Nassau	42,729	51
Niagara	1,388	4
NYC	222,094	391
Oneida	1,962	20
Onondaga	3,312	22
Ontario	329	3
Orange	10,953	15
Orleans	288	0
Oswego	231	2
Otsego	100	2
Putnam	1,393	1
Rensselaer	658	5
Rockland	13,806	8
Saratoga	646	7
Schenectady	926	11
Schoharie	64	2
Schuyler	20	0
Seneca	80	0
St. Lawrence	247	1
Steuben	283	1
Suffolk	42,575	79
Sullivan	1,473	0

Tioga	174	1
Tompkins	209	0
Ulster	1,906	5
Warren	288	1
Washington	250	0
Wayne	232	4
Westchester	35,587	36
Wyoming	107	3
Yates	51	0

Yè, te gen 2 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,058. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Albany	1
Suffolk	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)